Ҳилм – бўлар-бўлмасга аччиғланмаслик, арслон юракли бўлиш, юмшоқ табиатли бўлишдир. У инсон табъидан хусумат, адоват, ғазаб каби иллатларни йўқ қилади [5:51]. Ҳалим – мулойимлик, инсон умрига зийнат беради, мулойимликдан мақсад эса юмшоқлик ва тоза қалбликдир:

*Кўнгил бузгон жоҳилларни суймас Субҳон,*
*Ҳалим бўлиб, дийдор кўрунг, дўстларим-о.* [4:111]

Шунингдек, Яссавий ҳикматларида илм ва олим мавзусида ҳам иккиюзламачилик қораланади:

*Амал қилмас олим илмин босиб юргай,*
*Ўлуб борса, тор лаҳадда жони куйгай,*
*Во ҳасрато, амалсизлар нечук бўлғай,*
*Жону дилда Ҳай зикрини айтинг, дўстлар!* [4:31]

Дунё молини кўзлаган олим ўз умрини манманликда ўтказади, юриб ўтиши лозим бўлган йўлни босиб ўтолмайди, балки аро йўлда қолиб кетади. Иллат ва қабоҳатнинг илдизи ҳам айнан илмсизликдадир.

Тасаввуф тафаккурида илм ва маърифатдан мақсад инсон ўзлигини англаш орқали нафс мартабасини юксалтиришдан иборат. Инсон моддий ва нафсоний неъматлар тобелигидан халос бўлганда илмига амал қиладиган олимга айланади.

**Адабиётлар**


1. Алишер Навоий. Тўла асарлар тўплами. Ўн жилдлик. 10-жилд. -Т.: «Ғафур Ғулом», 2011.
2. Абдурауф Фитрат. Танланган асарлар. -Т.: «Маънавият», 2000.
3. Иброҳим Ҳаққулов. Аҳмад Яссавий. -Т.: «Ғафур Ғулом», 2011.
4. Аҳмад Яссавий. Ҳикматлар куллиёти. -Т.: «Ўзбекистон», 2011.
5. Абдулла Авлоний. Танланган асарлар. 2 жилдлик, 2-жилд. -Т.: «Маънавият», 2006.
6. Ўзбек мумтоз адабиёти намуналари. -Т.: «ФАН», 2003.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Аҳмад Яссавий ҳикматларида мажоз ва ҳақиқат, шакл ва мавзу бирлиги, поэтик воситаларнинг ишлатилиши ҳақида фикр юритилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются метафора и истина, единство формы и темы, использование поэтических средств в мудрости Ахмада Яссави.

**SUMMARY.** The article discusses the metaphor and truth, the unity of form and theme, the use of poetic means in the wisdom of Ahmad Yassavi.


## «ГҮЛНАРА» ҲӘМ «ЖАМАН БАЛА»

(Б.Қайыпназаровтың «Гүлнара» ҳәм Т.Мәтмуратовтың «Гүл қыстырсам сүмбил шашыңа» қосықларының халық қосықларына айланыў өзгешеликлери)


**С.Баўатдинова** – *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар**: мотив, лирик қаҳрамон, концепт, матн, радиф, миллий колорит, риторика, образ, диалог, монолог.

**Ключевые слова**: мотив, лирический герой, концепт, текст, редиф, национальный колорит, риторика, образ, диалог, монолог.

**Key words**: motive, lyrical hero, concept, text, redif, national color, rhetoric, character, dialogue, monologue.


Белгили шайырлар Б.Қайыпназаровтың «Гүлнара» ҳәм Т.Мәтмуратовтың «Гүл қыстырсам сүмбил шашыңа» атлы қосықлары 1960-1970-жыллары қарақалпақ халқының жаслары ушын ең бир күтилген қанаатлы (сазлы-еки қосықтың намасын С.Садықов жазған) кеўилдеги жырларының бири болды.

Б.Қайыпназаровтың «Гүлнара» қосығының тийкарғы идеясы- «яр күтиў». Лирикалық қаҳарманның ишки дебдиўи өзи менен өзи сөйлесиўлери монолог арқалы жүзеге шығарылған. Лирикалық қаҳарманның мухаббат толғанңслары бүлбил қустың сулыў сайраўын, гөззал жаслықтың тәкирарланбас шийрин, ләззетли демлерин ядқа салады. Онда мухаббатына деген интизарлық, садықлық бар. Қосықта лирикалық қаҳарманның азғана ўақыт ишинде сезимлери баян етилип, оның шын муҳаббат шайдасы екенлигине гүўа боласаң. Қосық текстиндеги бул усыл халықлық дөретпелердеги сыяқлы тиккелей қаҳарманға мүрәжәт етилип, тийкарғы идеяны ашады. Мысалы:

Кел деген жериңе келдим келмедиң
Кетип қалсам узақ күткил дермедиң
Сени бунша ким егледи билмедим
Көп күттирмей кел тезирек Гулнара [1].

«Гүлнара»-тексттиң тийкарғы идеясын жүзеге шығарыўшы объект болып, текст пенен тематика болып байланысқа түседи. Пүтин бир қосықтың пайда болыўына текстте белгили бир түсиниклердиң жәмленилген жыйындысы сыпатында ҳәр бир айтылған пикирлерге тийисли болып келеди. «Гүлнара»- қосықтың аты, текст ишиндеги текстлер жәрдеминде лирикалық қаҳарманның психологиялық ҳалаты, ой-пикири шығарманың мазмунлық өзгешелигин тәмийинлейди. Тематикалық жақтан анықлық, анық тема менен байланысқан лексикалық ҳәм фразеологиялық қәсийетлер коммуникативлик байланысқа ийе. Көркем әдебият адамды индивид ҳәм жәмәәт пенен байланысқа киритиў, бир адамға тийисли хабарларды, ҳәммеге тийисли мағлыўматларды шахсларға жеткериў арқалы оларды өз-ара байланысқа түсириў ўазыйпасына айланады. Бул көрсетеди коммуникатив байланыс ўазыйпасының ең зәрүр хызметлеринен болып, әдебият инсаный туйғылардың топланатуғын мәнзили сыпатында адамлар арасындағы байланыстың ең нәтийжели қурамы екенлигин. Көркем әдебиятта коммуникатив байланыс өз-ара сөйлесиў, пикирлесиў емес, коммуникацияда көркем тилдиң күши ҳәм ҳәр қыйлы тәсили арқалы баян етилген гәпти, тексти түсинемиз. Ҳәр бир көркемлик дәрежесиндеги коммуникатив байланысқа ийе сөз иләҳий ҳәм қүдиретли ҳәдийсеге айландырылады. Дөретиўши тәрепинен қолланылыўына байланыслы көтерип шыққан машқаласының тийкарғы түсиниклерин сәўлелендиреди. Лирикалық қаҳарман Гүлнараға мүрәжат етиўи арқалы коммуникативлик байланысқа түседи. Мысалы:

Ядымда кешеги кел деген сөзиң,
Мен билемен келмей қалмайсаң өзиң,
Үмит пенен қарар жолыңа көзим,
Көп күттирмей кел тезирек Гулнара.

Поэзия тилдиң ең үлкен уйымластырыўшы формасы. Б.Қайыпназаровтың «Гүлнара»сында сөзлердиң терең мәнилилиги, ритм, тексттиң музыкалылығы жәмленген ҳалда оқыўшыға, тыңлаўшыға эмоционал тәсир етеди. Айрықша эмоционаллық психологиялық жақтан қабыл етиўде өзиниң сазлылығы, эстетикалылығы менен ажыралып турады.

Қосық тестиндеги «Яр күтиў» мотиви қурамалы түрде көплеген мәнили түсиниклерди береди.



Шайыр шеберлигиндеги «яр күтиў» мотиви усыншама түсиниклерди яғный тексттиң концептин кеңейтип, образлы сәўлелендириўи фольклорға, халықлық поэзияға жақынластырады. Ашықлық саўдасы басына түскен, ярын аңсап күткен ҳәр бир жигит ушын қосық қатарлары кеўил-күйинен шығып, өзиниң сезимлерин баян етип атырғандай тәсир менен айтыўға умтылады. Қосықтың тийкарғы идеясы болған «яр күтиў» машқаласында лирикалық қаҳарман өзин қоршап турған орталықта ўақыт ҳәм кеңисликтиң эпиўайы шегарасында-ақ ишки дүньясын ашады. Әдебий тексттиң өзгеше категориясы сыпатында хронотоп текстиң мәнисин ҳәм көринисин уйымластырыўда автордың концептосферасында әҳмийетли роль ойнайды. Кеңислик ҳәм ўақыт текстти жүзеге шығарыўда беккем бирликке ийе. Олар анық, шәртли, қысқа, кең, жергиликли, космослық, реал көркемли, ой-пикирли болып тексттиң мазмунын белгилейди. Мысалы:

Ўәделескен ўақыт баратыр өтип,
Умыттыңба турған достыңды күтип,
Булттан шыққан айдай жүзиң жарқ етип,
Көп күттирмей кел тезирек Гүлнара.

Лирикалық қаҳарманның ишки дүньясы сезиў органлары арқалы-жүрек, кеўил, сезги сыяқлы психологиялық кеңисликтиң кординаталарында абстракт тенденцияда жаратылған. «Булттан шыққан айдай жүз» шайырдың лирикалық қаҳарман портретин сызыўда шеберлилик пенен пайдаланылған көркемлеўши қуралы-теңеў. Белгили өзбек әдебиятшысы Қ.Йўлдош: «Ҳар қандай асарда, ҳатто, кўкда шиддат билан сузиб бораётган булутнинг ҳолати акс этган пейзаж лирикасида ҳам табиий равишда муайян мазмун бўлади, қандайдир бир фикр ифода этилади» [2] -деп атап көрсеткениндей ашық жигит ушын күтип турған яр жамалының көрки «булт астынан шыққан айдай». «Булт - унамсыз тәбият қубылысы сыпатында халық аўызеки әдебиятындағы пайдаланып киятырған тайын көркемлеўши қурал. Шайыр лирикалық қаҳарман сезгилерин қапа болыў, келмей қалама деп гүдиксиреўлерин «булт» тымсалында береди. Бирақ, лирикалық қаҳарманның үмити күшли, ярының «айдай жүзи жарқ етип» көриниўин тилеў сыяқлы психологиялық ҳалаты жүдә тәсирли шыққан. Мысалы;

Кеше-күндиз турман жолыңда күтип,
Кимди күтип турсыз деўшилерде көп,
Айтаман өзимниң күткеним бар деп,
Көп күттирмей кел тезирек Гүлнара [2].

Лирикалық қаҳарман үмити – оптимистлик идея. Шайыр «үмит» еттириў арқалы еки тәрептиң де муҳаббатын ашып бере алған. Қосықтың халық ишинде халықлық сыпат алып жырланыўында Гүлнара ҳәм ашық жигит образлары нағыз муҳаббат шайдаларына айланған. Халық кеўлиндеги, жүрек төринен орын алған муҳаббат муңласлары болып жасап келеди.

Қосық тексти редифли байланысқа ийе. Гүлнара редифли сөз хызметин атқарып, қосықтың бәнт басыўшы төртинши қатардың ақырында қайталанады. Бул өз гезегинде әдебий тексттиң мәнисин түсиниўге жәрдем береди. Антитеза сыпатындағы «кеше-күндиз» сөзлери лирикалық қаҳарманның ашығы жолындағы пидайылығын көрсететуғын кең мәнили түсиник. Әтирапындағылардан өзиниң ышқый сезимлерин бекитип тур. «Кеше-күндиз» мәнилик қарама-қарсылыққа ийе емес, лекин «кеше» ҳәм «күндиз» ўақыт шегарасын, изи даўамлылықты, көп ўақыт сыяқлы кең айтылажақ пикирлерге тән болып, турмыстағы түрли ўақыялар, руўхый кеширмелер, эмоциялар усы сөзлердиң жәрдеминде айқын, тәсирли берилген.

Шайыр Т.Мәтмуратовтың «Гүл қыстырсым сүмбил шашыңа» деген атама менен дөретилген қосығын халық ишинде «Жаман бала» деп атап кеткен. Қосық текстинде қайта-қайта тәкирарланатуғын «жаман баласаң» сөзи еки ашықтың бир-бирине болған қатнасларын жүзеге шығарыўшы келбетликтиң субъектив баҳа формасында, сүйгениниң ҳәрекетлерин қоллап-қуўатлаўшы, жеке қатнасларының ишки интимлигин билдириўши көркем образға айланған. Толығы менен тәкирарланатуғын усы қатарлардың «Айтар едиң жаман баласаң» да жасырылған сулыў сезимлер сөйлем, тыңлаўшылардың руўхыятына тәсир етиўши көркем-эстетикалық гөззаллық жатыр. Шайыр «Жаман бала»ны қосыққа жан бериўши тийкарғы өзекли сөзге айландырады. Сонлықтан халық усы образды, усы лирикалық қаҳарманды унатқан ҳәм усы қаҳарманның «жаман бала» ны атама етип қабыллап қосықтың атын өзгертип жиберген. Бир-биреўден еситиў арқалы өз қосығына, халық қосығына айландырған. Көпшилик қосық авторының ким екенлигине оншама итибар бере бермейди. Қосықтың мазмуны, саз ырғағы кеўилге муўапық түссе, сүйип тыңлап, өзлериде ҳәўесгөй атқарыўшы болып жырлай береди.

Гул қыстырсам сүмбил шашыңа,
Айтар едиң жаман баласаң,
Жаман болсам бағдың ишинде,
Мениң менен неге қаласаң [4].

«Жаман бала» ашығының сүмбил шашына гүл қыстырады. Қыз бул ҳәрекетлерди сүйсинип унатып тур. Бағ ишинде сүйгенине ышқы мухаббатын арнап қалды. Усындай бахытқа кенелген дәўирин аңсаған ашық жигит мухаббат ләззетин татқан демлерин еске алып атыр. Лирикалық қаҳарман бахытлы сезимлерге бөленген ҳалда еслеўди даўам еттиреди. «Жаман бала» жеке стильлик метафораны шеберлик пенен эмоциональ-экспрессивлик күшли тәсир етиўши мәниде қоллана алған. Шайыр бул сөзди жаңа жағдайларда жаңа сөз ретинде қоллана алған, поэзия тилине сән, шырай берген. Шайыр сүўретлеп атырған объекттеги «жаман бала»ны–келбетлик метафораға эмоционал-экспериссивлик бояўлар менен және де тәсирли, образлы етип көрсетиўин өзиншеллик усылы сыпатында баҳалаўға болады. Лирикалық қаҳарман яр жамалын аңсап, оның «жаман баласаң» -деп еркелетиўлерин, сүйсинип наз етиўлеринде, ҳәрекетлеринде оны унататуғынлығын уғынады, түсинеди. Текстте «жаман бала» сөзиниң қайта-қайта тәкрарланыўы қыздың шын сүйгенлигин аңлатыўға қаратылған. Сөзлерге жаңадан мәни жүклеп поэтикалық форма сыпатында пайдаланыўы шайыр шеберлигинде миллий тилимиздеги көркем сөзлер топарының көбейиўи менен тәмийинленген. Тағыда мысал:

Аўылыңа барсам асыға,
Айтар едиң жаман баласаң,
Жаман болсам сүйсинеменбе,
Сениң дийдарыңа қарасам [4].

Поэзияда диалогларды қолланыўы, өзине тән бир әдебий усыл. Диалог лирикалық қаҳарманның характерин ҳәм руўхый ҳалатын сәўлелендириўде айрықша хызмет атқарып тур. Лирикада тийкарынан монолог жетекшилик етип, диалогты арнаўлы усыл сыпатында пайдаланған. Поэтикалық идеяны ашыўда үлкен жетискенликлерге ерискен.

«Жаман баласаң» түсинигин көп мәнилерде қабыл етиў мүмкин. Биринshisи туўра мәнисинде болса-жаман бала (жигит), екиншиси тырнақша ишинде пайдаланғанымызда аўыспалы, ал үшинши қосық тексти ишиндеги сөзлер жәрдеминде (контекстте) мәнисин түсингенимизде «жаман бала» унамлы образлы лирикалық қаҳарман. Халық ишинде де шаққан, зийрек, бир нәрсени билетуғын унамлы қәсийетлерине бола «жаман бала» деп даўыс интонациясын жағымлы ҳәўазда айтыў арқалы қолланылады. Биз қосықты оқып қарағанымызда усындай түсиниклерди текст ишинен ажыратып турған эмоционал-экспересссивлик мәни күшине ийе

концепт екенлигин көриуимизге болады. Концепт кең мәнили ҳәм қурамалылығы менен қосық текстине жан берип, жанландырады. Мазмунлық байланысқа ийе басқа да концептлер менен бир системаға келеди. Шайыр дөретпеде образлылықты, көркемлиликти тәмийинлеў мақсетинде «жаман бала» образын шәртли түрде қоллана отырып, жеке стильлик өзгешеликте пайдаланған.

Мен ийниңе турсам асыла,
Айтар едиң жаман баласаң,
Жаман болсам берген хатымды,
Төс қалтаңа неге саласаң [4].

Сүйгениниң хатын төс қалтаға салыў да шын сүйетуғынлығын билдиретуғын ҳәрекетлер. Төс қалтаға салыў сүйген ярының мухаббатқа толы ашықлық сөзлерин қәстерлеп, абайлап асыраўы, опадарлығына исеним арттырыўы ҳәм усы ҳәрекетлери аркалы лирикалық қаҳарманның образы көркемленип барады. Шайыр қосық текстинде қарама-қарсы мәнили сөзлерди қандай да бир кең түсиникке ийе болған белгини қойыў арқалы, олар ортасындағы интимлик қатнасларды, мухаббаттың тилсимли мәўритлерин сүўретлеўде утымлы пайдаланған.

Жүзигиңди турсам жасыра,
Айтар едиң жаман баласаң,
Жаман жерде өсеме гүллер,
Сен кеўлиме питкен лаласаң [4].

Қосықтың аты - «Жаман бала». Текст ишинен гилт сөзлерин айырып алып қарасаң: «Жаман бала», хат, сүмбил шаш, төс қалта, лала гүл, дийдар, бағ иши. Концептиң базасын - «ярын сағыныў, исеним» деп есапласақ болады. Себеби қосықтың атамасы мухаббаттан жаралған, концепт мәнили, көркем образлы сөз дизбеги –«Жаман баласаң» менен аталады. Лирикалық қаҳарманның еслеўи аркалы сап ышқының сазы «Мениң менен неге қаласаң», «Төс қалтаңа неге саласаң», «Сениң дийдарыңа қарасам», «Сен кеўлиме питкен лаласаң» сыяқлы көркем образлы қосық қатарларында толық ашылған. Лирика концептосферасының ядросы-муҳаббаттың сыйқырлы минутлары. Лирикалық қаҳарманның диалогқа курылған түрли семантикалық «ядқа түсиўлери» көркемликке бай жуўап сөзлери жүдә тәсирли шыққан. Лирикалық қаҳарман ҳәрекет субъекттиң ролинде ойнайды. Тийкарғы предикат «сүйиў» текстте өткен мәҳәлде қолланылады. Қосық текстиндеги пайдаланылған сөз дизбегиндеги ой-пикир уйғынлығының жаңаша мәнили түс алыўы когнетивлик-дөретиўшилик жаңалық бола алған.

«Жаман жерде өсеме гүллер», «Жаман болсам сүйеменбе» сыяқлы риторикалық сораўлардан шебер пайдаланып, тилдиң образлылығын тәмийнлеген, көркемлигин байытқан. Көркемлеў қуралларының атқаратуғын хызметлери улыўма ортақ болғаны менен олардың бир-биринен ажыралып туратуғын өзине тән өзгешеликлери, образлылық дөретиўдеги мүмкиншиликлери бар. Көркем әдебияттың соның ишинде поэзияның көркемлеў қураллары системасында үлкен әҳмийетке ийе.

Шайырдың сөз зергери болып ҳәр қандай сөзди көркемлеў қуралында жеке стиль менен пайдаланғанлығын көриуимизге болады. Көркем сүўретлеўде өз-ара қарама-қарсы зат, белги ҳәрекет, ўақыя ҳәдийселерди паралель қолланып шығармада эмоционал-эксперессивлик мәнини күшейтиўге ерискен. Жумсалған стилистикалық фигуралар ой-пикир, сезим, образларда шәртли алынған «жаман бала» қарама-қарсылықлы сүўретлеўлерде жүдә утымлы пайдаланылған.

Халық қосықларындағы тийкарғы характерли белгилерди шайыр шеберлик пенен қосық қатарларында яки бир сөз бенен кең мәнини аңлатыў, сол арқалы сүўретленип атырған ўақыялардың көркем сәўлесин, лирикалық қаҳарман кеширмелерин, руўхый дүньясындағы сезимлер арпалысын бериўде образлылық дөретиўде ең тийкарғы усыллардың бири сыпатында кең пайдалана алған. Шайырдың көркем қыялы образлы жәнеде шайырлық талғамының татымлылығы қосықтың халықлық сыпат алыўына тәсир жасаған.

**Әдебиятлар**


1. Қайыпназаров Б. «Гүлнара» Таңламалы шығармалары. (бир томлық).–Нөкис: «Қарақалпақстан» 1981. 83-б.
2. Қазақбай Йулдош Муҳайё Йулдош. Бадий таҳлил асарлари. «Камалак» -Тошкент: 2016.
3. Қайыпназаров Б. «Гүлнара» Таңламалы шығармалары. (бир томлық) «Қарақалпақстан» 1981. 83-б.
4. Мәтмуратов Т. «Гүл қыстырсам сүмбил шашыңа» «Жулдызлар жанар» Қосықлар. –Н.: «Қарақалпақстан», 1989. 20-б.
5. Мәтякубов С. Лирикалық сезим ҳәм көркем сүўретлеў. //«Әмиўдәрья», 2011 № 5. 84-88-б.
6. Ҳотамов Н. Саримсақов Б. Адабиётшунослик терминларининг русча-ўзбекча луғати. –Тошкент: «Ўқитувчи» 1979.



**РЕЗЮМЕ.** Шоирлар Б.Қайипназаровнинг «Гулнора» ва Т.Матмуратовнинг «Гул қистирсам сумбул сочингга»» («Ёмон бола») қўшиқларининг халқ қўшиқларига айланиш хусусиятлари, «Ёр кутиш» мотивидаги, «Ёмон бола»даги лирик қаҳрамонларнинг образини яратишдаги маҳорат масалалари, матндаги концепт тушунчалари кенг таҳлил қилинган. Лингвопоэтик жиҳатдан қўшиқ матнларида сўз маъноларининг қўлланилиши маҳорати таҳлил қилинди.

**РЕЗЮМЕ.** В статье широко анализируются особенности преобразования песен Б.Каипназарова «Гульнора» и Т.Матмуратова «Гүл қыстырсам сүмбил шашына» / (Когда я вплетаю цветок в волосы)/ (Плохой мальчик) в народные песни, проблемы мастерства в создании лирического образа героя «Жаман бала» по мотивам «Ожидание друга», понятие контекстуального концента. С точки зрения лингвопоэтического характера было выявлено мастерство использования слов в тексте песень.

**SUMMARY.** Convesion features of songs by B.Kaypnazarov "Gulnora" and T.Matmuratov «Gul kistirsan sumbil shashina» / Plaint with flowers («Jaman bala» / Bad boy) into folk songs is deeply analysed, moreover. From motive "Waiting sweet-heart» is depicted issues of creating mastery lyric heroic charaster «Jaman bala» and some issues of contectual concepts. From lingua-poetic point of view text of song shows masterly usage of works in text.


## SÓZ OYIN QOSIQLARI HÁM BALALAR FOLKLORI


**Q.Biysenbaev** – *stajyor oqitıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** bolalar folklori, genezisi, janriy xususiyatlari, obrazlar sistemasi, lingvopoetikasi.
**Ключевые слова:** детский фольклор, генезис, жанровые особенности, система образов, лингвопоэтика.
**Key words:** children's folklore, genesis, genre features, system of images, linguopoetics.


Búgingi kúnde dúnya folklortanıw iliminde balalardıń ádebiy sana-sezimin hám estetikalıq talǵamın ósiriw maqsetinde jaratılǵan xalıq awızeki dóretiwshiligi janrlarınıń payda bolıw processi hámde tariyxiy-poetikalıq, evolyuciyalıq rawajlanıw jolın anıqlawǵa arnawlı túrde itibar qaratılmaqta. Folklordıń kishi jastaǵı balalarǵa arnalǵan lirikalıq úlgileri genezisin, etnopedagogikalıq mazmun-mánisin, poetikalıq-kompozicıyalıq, atqarıwshılıq ózgesheliklerin ashıp beriw bolsa etnofolkloristika tiykarların ashıwda, xalıq awızeki dóretiwshiliginiń pedagogika hám etnografıya sıyaqlı ilimler menen integraciyalıq rawajlanıwında tariyxıy áhmiyetke iye esaplanadı.